ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№35 (23.193) • 2016 гъэм мазаем (февралым) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым и Президиумым

Сабий садхэр зэпэубыдауэ щытыжкъым

КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зэIущIэм Правительствэм щыхъаха зэманым хиубыдэу къэпсэлъауэ республикэм и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ министр Емуз Нинэ. Абы и докладыр зытеуухауэ щытар зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр егъэджэн Iуэхущ1ап1эхэр ирикъуу къызэгъэпэщыныжкIэ КъэбэрдейБалъкъэрым щалэжьхэрщ.

ЕмУЗ Нинэ зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ и закъуэ сабий садхэм къыхаугъэхъуащ школым щIэмытIысхьахэм ящыщу 1515-рэ зэкIуэлъэн Iуэхущ1ап1эхэр. «Электрон сабий сад» щIынальэ информацIэ системэм, электрон чэзум и федеральнэ Iыхьэм ящхъ иткIэ сабий садхэм ягъэкIуэн папщIэ 2015 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу ди республикэм щыщу зи ныбжьыр илъэси 3-7-м иту 940-рэ я чэзум пэплъэу щытащ. БлэкIа илъэсым зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр зэкIуалIэ Iуэхущ1ап1эхэм зэрызэрагъэубгъуам и фIыгъэкIэ 2016 гъэм щIышылэм и 1-м ирихьэлIэу апхуэдэ чэзу щIэжакъым. Абы къыдэкIуэу Iуэхущ1ап1э щхьэхуэхэм ящыщызэрагъэпэщащ илъэси 3 иримыкъуа щыкIуэхэр зэман нэхъ мащIэкIэ здэщыIэ гупхэр.

Къэгъэльэгъуапхъэщ сабий садхэм я лэжьакIуэхэр зи бынхэр а Iуэхущ1ап1эхэм зымыгъакIуэ адэ-анэм чэнджэщкIэ зэрадэIепыкъур. 2015 гъэм республикэм и муниципалитетхэм щыIащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм чэнджэщхэр щрат пункт 46-рэ икIи абыхэм щIыху 253-м зыкъыхуагъэзащ. Методикэ, педагогикэ, психологие, кIынэмыщI чэнджэщу абыхэм иратащ 616-рэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Iуэху пыухыкIахэр щызэфIагъэкI зи школ кIуэгъуэ мыхъуа щIыкIухэм хуащIэ Iуэхутхъэбзэхэм зегъэубгъуным Iуэхущ1ап1эуз. Къапщтэмэ, 2015 гъэм и пэщIэдзэ лъандэрэ Щэджэм муниципальнэ районым хыхь Яныкъуей къуажэм сабий 55-рэ зыщIэхуэу уней сад щолажьэ. Сабий 80-м ятещIыхьа апхуэдэ уней Iуэхущ1ап1э щащI Прохладнэ къалэмкI.

«Мы Iуэхум япэ дыдэу елэжьу щIэзыдза щIыналъэхэм ди республикэри яхэтщ икIи уней сабий садхэр зэрылэжьэну хабзэ мардэхэр зэтеувауэ жыпIэ хъунущ. Ауэ зэкIэ апхуэдэ Iуэхущ1ап1эхэр ахъшэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр щIыпIэ хъунущ. ИджыпстукIэ яхурикъун ахъшэ уней Iуэхущ1ап1эхэм яIэщ икIи адэкIэ и зэманым кIэриубыдэу абыхэм зыхуеину ахъшэр зэрагъэхьэнум дыхущIэкъунущ», - жиIащ Емуз Нинэ.

Докладым къыхэрыхэщамкIэ, лиценз зэхэр къыIамыхауэ лажьэ сабий садхэр щыIэщ, ауэ абыхэм зэреджэр сабийхэм пасэ дыдэу зыщрагъэужь, щрагъаджэ центрщ. Апхуэдэ центрхэм екIуалIэ сабийкэр 150-м ноблагъэ. УФ-м и Президиум нахьыбгъэ мазэм къыдигъэкIа указхэр гъэззэщIэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм ящыщ зым КъБР-м и Iэтащ-хьэм къыщигъэувауэ щытащ уней Iуэхущ1ап1эхэм щекIуэкI лажьыгъэм хэлпъэжьну икIи а Iэнатlэр зэрызэрахьэну щIыкIэм егупсысыну.

Сабий садхэр зэрызэрахьэм, ахэр зэрылажьэ щIыкIэм теухуауэ упщIэ куэд къаззэрыIэрихьэр жиIащ министрым. КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ министерствэм къыщта унафэм ипкъ иткIэ зэхалъхьащ зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр егъэджэнымкIэ федеральнэ къэрал мардэхэм ез-гъэуу къызэгъэпэщынымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм я план. Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр егъэджэнымкIэ апхуэдэ федеральнэ къэрал планыр гъэззэщIэным пыщIа Iуэхущ1ап1эхэм я унафэщIэмрэ педагогхэмрэ я щIэныгъэм, Iэщ1агъэм график пыухыкIам тету хагъахьуэ икIи педагогхэм я ящыщу 988-м я Iэщ1агъэр ирагъэфIэкIуащ, 3198-р курс щхьэхуэхэм щрагъэджащ. Нэгъуэщу жыпIэмэ, сабий сад псоми унафэщIу, педагогу щIэIэ псори (щIыху 4186-р) къапэщыт къалэнхэр нэсу зэрагъэззэщIэным хуэщIащ.

(КIэухыр 2-нэ нап.)

Мы махуэхэм

Мазаем и 27, щэбэт

♦**Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысейм ЩыгтыкIэ хэхахэм деж къагъэсебэп и къарухэм я махуэщ**. УФ-м и Президентым къыдигъэкIа унафэм ипкъ иткIэ 2015 гъэ лъандэрэ ягъэлъапIэ.

♦**Ингуш Республикэм и Конституцэм и махуэщ**

♦**1411 гъэм** Шотландием хьыхьэ Сент-Эндрюс къалэм а къэралым щыяпэу университет къыщыхэIуахащ.

♦**1598 гъэм** Годунов Борис Урысей къэралыгъуэм и пащтыхьу ягъуэващ.

♦**1781 гъэм** пащтыхь гуащэ Елизаветэ ЕтIуанэм Урысеймэ щIыху куэд зэкIуалIэ еджапIэхэр къыщызэIуихыным теухуа унафэ къыдигъэкIащ. Къэралым щIыхубэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и Iэнатlэр зэтеувэныр абдежым къыщежьауэ къалъытэ.

♦**1879 гъэм** фошыгъум нэхърэ хуэдэ 400-кIэ нэхъ IэфI ерыскъыгъуэр - сахарин зыфIащар - къыщIагъэкIащ.

♦**1900 гъэм** «Баварие» футбол клубыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1945 гъэм** Мэсей Асльэнджэрий Совет Союзым и ЛыIыхъжь цIэр къыфIащащ.

♦**1964 гъэм** щIыхуэм псы щIагъыкI зэрызыщрагъэпэлъыхь, тенджызхэм я къыдигъэр къэхутэным къыщагъэсэбэп япэ аппаратыр - мезоскафыр - Атлантикэ хым траутIыпщхьащ.

♦Урыс дзэ кхъухьлатэ-зехуэ Iэзэ дыдэ **Нестеров Пётр** къызэралъхурэ илъэси 129-рэ ирокъу.

♦Инджылыз-америкэ киноактрисэ, «Оскар» саугъэтыр щIэнейрэ зыхуагъэфIэщащ **Тейлор Элизабет** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦ШэрджэсэкIэ сурэтыщI **Мэзыкъэбэ Хьэрэт** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цIыхубэ артист, КъБР-м щIыкIэ зиIэ и артист **Пуэт Хъусин** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыIакIуэ, Эстонием щIыхь зиIэ и артисткэ **Вески Анне** къыщалъхуа махуэщ.

♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Догилевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэI лэжьакIуэ, ДАХ-м и вице-президент **КIэкIыхъу Мэжид** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм и Правительствэм и Унафэщ **КIумпIыл Мурат** и ныбжьыр илъэс 43-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Мазаем и 28, тхьэмахуэ

♦**1732 гъэм** Санкт-Петербург Урысейм щыяпэ Кадет корпусыр - дзэм къулыкъу щызыщIэнуэр абы щыхуагъэхьэзыр Iуэхущ1ап1эр - къыщызэIуахащ.

♦**1854 гъэм** США-м и Республикэ партыр къызэрагъэпэщащ.

♦**1913 гъэм** Даниел щыщ физик Бор Нильс атомым и планетарнэ зэхэлъыкIэм теухуа и лэжьыгъэр хэIущIыIуищIащ. А къэхутэныгъэщIэм папщIэ абы Нобель и саугъэтыр къыхуагъэфэщащ.

♦**1921 гъэм** Москва Iэ щытрадзащ РСФСР-мрэ Афганистанымрэ зэныбжьэгъуным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1935 гъэм** США-м щыщ химик Каротерс Уоллес Хьюм нейлоныр зэхилъхьащ.

♦1996 гъэм Урысей Федерацэр Европэм и Советым хьыхьащ.

♦Актёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Смирнов Алексей** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦ТхакIуэ, Сталин Иосиф ихъу **Аллилуевэ Светланэ** къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу.

♦Актёр, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артист **Смирнов Алексей** къызэралъхурэ илъэс 96-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ-уэрэдыз цIэрыIуэ **Къанкъул ФIыцIэ** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокъу.

♦УсакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Сонэ Абдулчэрим** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦УрысеI актрисэ, УФ-м и цIыхубэ артисткэ **Васильевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр, медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат, гу зэрыфэхэм щIэIэзэ республикэ центрым и дохутыр нэхъыщIхьэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Щэрдан Нодар** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Уэтэр МуIэед** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэщ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Жэрыкъуэ Борис** къызэралъхурэ илъэс 58-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 7 - 13, жэщым градуси 7 - 10 щыхъунущ.

Мазаем и 29, бэлыщхьэ

♦**Куэдрэ узримыхьэлIэ зыцIэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**1880 гъэм** ухуэн яухащ Италиемрэ Швейцариемрэ зэпызыщIэ, Альпы бгым кIуэцIрыкI гъущI гъуэгур. А зэманым ар щIы щIагъым щащIа гъущI гъуэгу нэхъ кIыхь дыдэт - километр 15 хъурт, метр 1150-рэ зи лъагагъ щIыпIэм щауэкъуэдияуэ.

♦Италием щыщ композитор цIэрыIуэ, зи Iэдакъэщ1экIхэр дуней псом щызэлъащIыса **Россини Джоаккинэ** къызэралъхурэ илъэс 224-рэ ирокъу.

♦СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, лыжэкIэ къызэджэныкIэ олимп чемпионкэ плIэнейрэ хъуа, тхуэнейрэ дыжьын, зэ жэз медалхэр Олимп джэгуэхм зыщыIэзыхьа **Сметанинэ Раисэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Дунейпсо компьютер индустриемэ и лъабжьэр зыгъэтIылъахэм ящыщ, абы щынэхъ лъэрызехь дыдэхэм хабжэу щыта **Джобс Стивен Пол** къызэралъхурэ илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 12, жэщым градуси 6 - 9 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЪЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Тхьэмыщкlэм и псалъэ тIэужыIэщ.

■ Хъыбарыщ1эхэр ■ Ди хъэщ1эщым

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт ■ Малъхъэдис

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм теухуа зэIущIэ иригъэкIуэкIащ

Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм пыщIа Iуэхуэм ятеухуауэ дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъБР-м и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм я унафэщIхэр.

КъАЛЭН нэхъыщIхь дыдэхэм ящыщу абы къыщалъытащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ, нэгъуэщI къэралхэм къыщащэхуэм ефIэкIын продукцэ къыщIэзыгъэкIыфын Iэнатlэхэр зэтегъэуIуэным, инвестицэхэр къызэрыIэгъэуIуэным егупуныр, Iэнатlэхэм щIэIэ щытыкIэхэр егъэфIэкIуэныр, биджет Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я улахуэр къэIэтыныр.

Гульытэ хэха хуащIащ, узынщагъэр хъумэнри хэту, социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iэнатlэхэм ядэIепыкъуным. Зыхуэфащэ къулыкъущIэхэм я пщэ иралъхьащ пэщIэдзэ медицинэ дзIепыкъуныгъэм зегъэужьынымкIэ, зэрыщыту медицинэ дзIепыкъуныгъэхэр цIыхум нэхъ гъунэгъу хуэщIынымкIэ дяпэкIи лэжьыгъэ пыухыкIахэри ирагъэкIуэкIыну. КъБР-м и Iэтащхьэм къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ, республикэр иджыпсту гугъуехь пыухыкIахэм зэрыхэтым щхьэкIэ къэмынэу, мы Iэнатlэр къэгъэщIэрэщIэжьыным къаруушуэ зэрырихьэлIэм, ауэ «ятэхэмэ хуэдэу, иджыри цIыхухэм щIэзэ Iуэхущ1ап1эхэм екIуалIэхэм къабгъэдэкI тхьэусыхафэхэр куэд зэрыхъур икIи абыхэм лъабжьэ зэрарIэр».

Зэ1ущIэм щытепсэльыхьащ зи узынщагъэр зэкIэлъэныкIуэхэм, къэралым зэпымыууэ зи нэIэ тригъэтыпхъэ адрей цIыху гупхэм защIэгъэкъуэныкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1ап1э.

Петрозаводск къалэм жыгыщIэхэр ирагъашэ

Нэхъ ятэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ирашри Карелием и къалащхьэм псей щхьэантIэу, уэздыгъейуэ 100-м щIигъу яшауэ щытащ. Ахэр щыхасащ Онежскэ гуэлым и Iуфэм Афганистаным щекIуэкIа зауэм хэкIуэдахэм щыхуагъэува фэеплъым дежь.

Иджы Къэбэрдей-Балъкъэрым Петрозаводск къалэм аргуэру тыгъэ хуещI зи лъагагъыр метри 3-4-м нэса жыгыщIэу 400 хуэдиз. Абыхэм Карелием и къалащхьэм и уэрам зыбжанэ игъэдэхэнущ.

УлахуэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжыным хоплъэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ятэ къуэдзэ Дадэ МуIэед иджыблагъэ иригъэкIуэкIащ лэжьыгъэмкIэ зэпыщIэныгъэхэр хабзэм къеГъэзэгънымкIэ, улахуэмкIэ щIыхуэхэр пшыныжынымкIэ комиссэм и зи чэзу зэIущIэр. Абы къыхэлIащ республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органхэм, республикэм и муниципальнэ щIыналъэхэм я администрацэхэм я лIыкIуэхэр.

ЗЭIУЩIЭМ щыхэплъащ хабзэм къемызэгъэ зэхуэдитыныгъэхэр лэжьапIэ Iэнатlэхэм щыгъэмэщIэныкIэ 2015 гъэм зэхалъхьауэ щыта планыр зэрагъэзэщIам. Апхуэдэу къызэхуэсахэр тепсэльыхьащ фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ, пенсэ страхованэм я взносхэмкIэ зэтрихьа щIыхуэр зэрапшыныжым, республикэм и предприятэхэмрэ организацэхэмрэ мы зэманым лэжьапщIэхэр зэрыщатым, нэгъуэщIхэми.

Зэ1ущIэм къыщащтащ 2016 гъэм и ятэ мазихым комиссэр зэрылэжьну планыр.

ТОКЪМАКЪ Мадинэ,
КъБР-м Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныгъэмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1ап1э.

Зыр мылъкуншэ щыхъум деж адрейхэри бэлыхь хохуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыбгъдэкIыу Къэрал Думэм и депутату хэха Быф Анатолий и лэжьэгъу зыбжанэ щыгъуу Урысей Парламентым къыщыхилъхьащ Iэнатlэ пыухыкIахэр мылъкуншэ зэрыхъуам теухуа Iуэхуэхэр зэрызэблагъэкI щыкIэр гъэтэмэныным хуэгъэза законопроект.

ЗЭРЫГУРЫIУЭГЪУЭЩI, а Iуэхум пыщIар мылъкур зыгIэкIуэдам (банкрот хъуам) и закъуэкъым, атIэ абы къыпыщIащ и лэжьакIуэхэри, Iыхьлыхэри, кредиторхэри, мылъкур ящэн папщIэ уасэ хуэзыгъэувэри, а мылъкур щащэну сату зэпеуэхэр къызэзыгъэпэщхэри. ЗэкIэ а лэжьыгъэ псори егъэкIуэкIынымкIэ щыIэ закон лъабжьэхэр нэгъэсауэ къыпхуэлытэнукъым.

Депутат гупым къыхалъхьа законопроектыр къащтэмэ, мылъкур зыгIэкIуэдар банкрот щынымкIэ лэжьыгъэ псори нэхъ къызэзыгугъэкIыу икIи гурыIуэгъуэу зэтраГъэувэфынуц. Нэхъ нэрылъагъуу щытынущ мылъкур зыщэхэм уасэхэр зэрагъэувыр, апхуэдэу абыхэм хабзэр къызэрызэпаудым теухуа тхьэусыхафэхэр нэхъ псынщIэу зэхагъэкIыфынущ. Кредиторхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм хуитныныгъэ яГуэтынущ сату зэпеуэхэм щамыщэфа мылъкум щыщ щыхуэхэм пэкIуэу къыхахыну.

Законопроектым теухуауэ Быф Анатолий жиIащ: «Дэ дыхущIэкъуащ мылъкум и уасэр зыгъэувэхэмрэ сату зэпеуэхэр къызэзыгъэпэщхэмрэ я лэжьыгъэ зэращIгъэпсынщIэным, абы къыдэкIуэу банкрот Iуэхум и екIуэкIыкIэр нэхъ гурыIуэгъуэ псоми зэращытщыным. Мы лэжьыгъэр нэхъ къызэрыгуэкIыу икIи законым и мардэхэм тету къызэгъэпэщыным мылъкуи зэмани кьыдигъэхуэнущ, бизнесым щIэIэ щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ сэбэп хъунущ».

КЪАСКЪУЛ Аслъэн.

«КъБР-м къэрал, муниципальнэ Iуэхутхъэбзэхэр зэуIуу щагъэзащIэ и центр» къэрал бюджет Iуэхущ1ап1эр (адзкIэ - «КъБР-м и МФЦ» ГБУ) нэгъабэ цIыхуэхэм купщIафIэу ядэлэжьам и мызакъуэу, щIыпIэ бюджетми абы хэхъуэ къыхуихьащ. Къапщтэмэ, я хэщ1ап1эм щыхуащIэ Iуэхутхъэбзэхэм къапэкIуэ пщIэм (къэрал пошлинэ) и хьэкъкIэ, сом мелуан 20-м щIигъу къаIэрыхьащ.

УРЫСЕЙ Федерацэм Бюджетымкlэ и кодексым и 50-нэ, 56-нэ статьяхэм залъхьа зэхъуэжьныгъэхэм 2015 гъэм щIышылэм и 1-м къару зэрагъэутам ипкъ иткIэ, къалэн хуэд щIэзэфIагъэкI центрхэм я Iуэхутхъэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэм хуэзэ къэрал пошлинэм къыпэкIуэ налог хэхъуэр федеральнэ бюджетымрэ УФ-м и щIыналъэхэм я бюджетхэмрэ зэхуэдэу трагуашэ.

Мы зэманым «КъБР-м и МФЦ» ГБУ-м Iуэхутхъэбзэ 266-рэ щагъэзащIэ. Абыхэм пэкIуэ къэрал пошлинэм щыщу зэщIэхьащхьэр языныкъуэ Iуэхутхъэбзэхэм хуэзэщ. Псалъэм папщIэ, Урысей, хамэ къэрал паспортхэр зэратым, Iуэхущ1ап1эхэр, щхьэзакъуэ хьэрычэтыщIэхэр, мэкъумэщыщIэ (фермер) хозяйствэхэр, ямыгъэIэпхъуэ мылъкумкIэ яIэ хуитныныгъэхэр къэралым зэритым пошлинэ тохьэ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, къалэн куэд зыгъэзащIэ центрхэм я Iуэхутхъэбзэхэр къэзыгъэсебэпэхэм республикэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэ хуащI.

«КъБР-м и МФЦ» ГБУ-м и хъыбарегъащIэ-аналитикэ къудамэм къызэритымкIэ, нэхъ щIэупщIэ зиIэри, республикэм и бюджетым ахъшэ нэхъыбэ къыхуэзыхьри Урысей Реестрым и Iуэхутхъэбзэхэрщ (хэхъуэ псоми я процент 90-м нэблагъэ). «КъБР-м и МФЦ» ГБУ-мрэ Урысей Реестрым и щIыналъэ къудамэмрэ я зэпыщIэныгъэр ирагъэфIэкIуэн папщIэ, къалэн куэд зыгъэзащIэ центрхэм абы хузэфIагъэкI Iуэхутхъэбзэхэм мы гъэм хагъахъуэну я мурадщ.

КIЭНЦIЭЛИЙ Элинэ,
«МФЦ» ГБУ-м и пресс-Iуэхущ1ап1эм и лэжьакIуэ.

● Къэрал Iуэхущ1ап1эхэм

ЗэпыщIэныгъэхэм зрагъэубгъу

● Егъэджэныгъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIуах

Налшык къалэм дэт Гъуаздджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым къыщызэIуах Урысейм щыетIуанэ Музыкэ кадет корпус.

ГЪЭСЭНХЭР хурагъаджэнущ духовнэ, ударнэ макъамэ Iэмэпсымэхэм, школ программэм къыдэкIуэу дзэ къулыкъуми хагъэгъуэзэнущ. Гульытэ нэхъыбэ хуащIынущ спортым, хамэ къралыбзэхэр егъэщIэным.

«Дзэ музыкантхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зэдгъэужьын папщIэ зыхуеину псори къахуэздгъэпэщынущ», - жиIащ Рахаев Анатолий.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

Гъатхэпэм и 21 щIондэ Iэ щIэвдзмэ, «Адыгэ псалъэр» ныфхуахьынущ мэлыжьхьым и 1-м щыщIэдзауэ. Мазищым ди газетым и уасэр сом 419-рэ кIэпIейкIэ 94-рэщ.

Ди индексыр 51531

Сабий садхэр зэпэубыдауэ щытыжкъым

(КІэухри. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іэхэухэмкіэ и министерствэм, республикэм и муниципальнэ щІыналъэхэм зэщІыгъуу пэжыыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІ сабий садхэр зэпэубыдауэ щымытыжын папщІэ. Ауэ къэгъэлъэгъуапхъэщ а Іэхэущ1ап1эхэр иджыри къаззремэщІэкІыр икІи 2016 гъэм щІышылэм и 1-м ирихьалІэу зи ныбжьыр илъэс 1 - 3-м ит сабийхэм ящыщу я чэзум пэплъэу 1805-рэ зэрыщыІар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и къудзэр Жанатаев Сэлим щІэуп1ащ1 егъэджэныгъэмкІэ федеральнэ къэрал стандартыр уней сабий садхэм зэрыщагъэзащІэм зэрыкІэлъыплъ щІыкІэм. Емуэ Нинэ абы и жэуапу жиІащ сабий Іэхэущ1ап1эм екІуалІэхэм я бжыгъэр зыхуэдизым тещІыхьауэ ахъшэр зэрыхуаутІыпщым и фІыщІэкІэ финансхэр нэхъ тэмэму къэгъэсэбэпа зэрыхъур. «Уней сабий садхэр зэгъэпэщІыжным къэралыр елэжьыркъым, ар зи пщэ ильыр садыр зи мылъку щыт щІыхурщ. Абы къыхэкІыу къэнэжыр егъэджэныгъэмкІэ программэхэм я стандартыр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынырщи, ар КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іэхэухэмкіэ и министерствэм и пщэ ильщ», - къыхигъэщъэхуу1ащ доклад зыщІам.

ЗэІущІэм апхэуэдэу къыщІэтэщ сабий садхэр зыхуэфащэ Іэщ1агъэлІэхэмкІэ - диетолог дохутырхэмкІэ, медсестрахэмкІэ къыззрызэрагъэпэщыр, сабий гупхэр я бжыгъэкІэ куэдыІуэ щыхъу къызэрыхэкІыр, прогимназие щхьэхуэхэм зи школ щІэтІысхьэгъуэ мыхъуахэм я гупхэр къыщызэгъэпэщынымкІэ щыІэ Іэмалхэм, зи бынхэр садхэм зымыгъакІуэ унагъуэхэм чэнджещхэр щат пунктхэм я лэжьэкІэр.

Я бынхэр садхэм зэрагъакІуэм папщІэ адэ-анэм ят ахъшэм хагъэхъуэну псалъэмакъхэр зэрыщыІэм теухауэ министрым жиІащ иджыпсту ягъэува ахъшэ бжыгъэри язынымкъэхэм къаззрехьэлъэкІыр икІи а ахъшэр нэхъыбэ ящІыну зэрамурадыр.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1ым и Егоровэ Татьянэ щІэуп1ащІ илъэс 1 - 3-м ит сабийхэр ирикъуу сад Іэхэущ1ап1эхэмкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ ялэжьынымэм. Емуэ Нинэ зэрыжиІамкІэ, апхэуэдэ гугъуехьхэр Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и щІыналъэ псоми щыІэщ. Ауэ абыхэм папщІэ къауІыпщын ахъшэ федеральнэ бюджетым щыхухахакъым. Ялъэ жьыхуаІэ Іэхэущ1ап1эхэр къызэІупхыну нэхъ гугъущ, абы и инфраструктурэр хэхауэ зэрыщытым, щыІэжьэнхэмэ Іэщ1агъэ лъагэ дыдэ яІэн зэрыхуеІм къыхэкІыу.

Егоровэ Татьянэ министрым фІыщІэ хуищІащ депутатхэр Іэхэум тэмэму щыгъуазэ зэрыхуищІам къыхэкІыу икІи лэжьыгъэм ехъулІэныгъэщІэхэр я къыщІэхъуэ щыжаІахэм ялъэ и Іэхэущ1эмкІэ и мнистерствэм, КъБР-м Ухэныгъэмэр псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм яхуэгъэза чэнджещ пыухыкІахэр.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іэхэущ1ап1э.

Нэхъыжьхэм пщІэ хуащІ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым щагъэлъэпІащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр.

ХЭКУ зауэшхуэм, КъБКъУ-м я ветеранхэр, университетым и унафэщІхэр, студентхэр зауэм хэкІуэдахэм я фэеплъым удз гъэгахэр тралъхьащ.

ИужькІэ хьэщІэхэр ирагъэблагъащ Сокуров Александр творчествэмкІэ и лъэщапІэм и еджапІэ театрым. КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий кърихьэлІахэм ехъуэхъуащ узынщагъэ быдэрэ дзрэжьагъуэрэ яІэну, ветеранхэм дяпэкІи гулъытэ зэрыхуащІынури къыхихэщащ.

Махуэшхуэм хуагъэхьэзыра концертым хэтащ «Амикс», «Къафэ», «Калисто» гупхэр. Университетым нэгъабэ щекІуэкІа «Студент гъатхэ» фестивалым щытекІуа Медицинэмкіэ колледжым щеджэжэм Хэку зауэшхуэм теухуа хъыбархэм тращІыкІа теплъэгъуэхэр ягъэлъэгъуащ.

ШАЛ Фатіимэ,
КъБКъУ-м и пресс-Іэхэущ1ап1э.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэр ягъэлъапІэ

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм теухуа Іэхэугъуэхэр щекІуэкІащ Дзэлыкъуэкъуажэ Щэнхабзэмкіэ и унэми.

МАХУЭШХУЭ зэхьихьэм хэтащ Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ щІыналъэмкІэ и къудамэм и ветеранхэр, Урысмамбэт Шафихь я тхьэмадзу а къудамэм дэлажьэ Жылагъуэ советым хэтхэр, Дзэлыкъуэ район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Дзхъушокъуэ Исмэхьил, жылагъуэ хабзэр хъумэнымкІэ полицэм и унафэщІым и къуэдзэ Жырыкъ Юрий, нэгъуэщІхэри.

Урысей МВД-м Дзэлыкъуэ щІыналъэмкІэ и къудамэм и Іэщ1агъэлІ, къэрал кІуэцІ къулыкъум и лейтенант нэхъыжь Мамбэт Къамбулэт ныбжьыщІэхэр щигъэгъуэзащ Іэщ эзмылІэужьыгъуэхэм. Нэхъыжьхэр тепсэлъыхьащ махуэшхуэм и кьежьапІэм, Хэкур фІыуэ лъагъуным, мамыру, узэгурыІуэу упсэуным нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэм.

- Мыпхуэдэ зэІущІэхэм Іэмал куат щІэблэр тхыдэм хэдгъэгъуэзэну, гъэсэныгъэмкІи щІэгъэкъуэныкъуэщ, - жиІащ Урысмамбэтым.

Къэрал кІуэцІ Іэхэухэмкіэ и министерствэу КъБР-м щыІэм и пресс-Іэхэущ1ап1э.

Гуфіэгъуэ зэхыхьэхэр Шэджэм зэрыщаІэтар

Шэджэм щІыналъэм щагъэлъэпІащ Хэкум и хъумакІуэм и махуэр. Ветеранхэр, район администрацэм и лэжьакІуэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, школакІуэхэр абы хэтащ. Махуэшхуэмкіэ къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ Шэджэм районым и щІыпІэ администрацэм и унафэщІым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ Текіушэ Артур.

- СЫТ ХУЭДЭ зэманми Хэкум и хъумакІуэхэм пщІэ хуащІ, ягъэлъапІэ, сыту жыІэпмэ бийм пэщІэувэфыр нэхъ хахуэ дыдэхэращи. Абыхэм я дежкІэ «напэ», «кІалэн» псалъэхэр псом нэхъ лъапІэщ. Иджы дзэм хэт щІалэхэм я дежкІэ а нэхъыжьхэр щапхъэу щытыпхъэщ, я кІалэным щІыхь пылъу пэлъэщын папщІэ.

Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, Шэджэм щІыналъэм и цІыхухэм ехъуэхъуащ ЩІыпІэ самоуправленэм и Советым и унафэщІ **Уэдыжь Хьэсанш**, Зауэм, лжьыгъэм, Іэщ1кІэ зэщІэуэзда къарухэм, хабзэхъумэ Іэхэущ1ап1эхэм я щІыналъэ Советым и унафэщІ **Арыпщ Борис**, Шэджэм кІалэ администрацэм и унафэщІым и кІалэнхэр зыгъэзащІэ **Мэкъауэ Леонид**, лжьыгъэм и ветеран **Шакъ Хьэсэн** сымэ.

ПэкІум хэтхэр хэкІуэдахэм дакъикъэкІэ яхуэщыгъуа ноужь, «МафІэ мыужьыхьым» удз гъэгахэр тралъхьащ.

Адэкіэ махуэшхуэм щыпащащ районым Щэнхабзэмкіэ и унэм. ЩІыналъэм щыпсэухэм папщІэ къызэрагъэпэща концертым щыжаІащ зауэм теухуа уэрэдхэр. Утыкур ягъэдэхащ «Шэджэм псыкъелъэхэр», «Жашлыкъ» уэрэджьІакІуэ гупхэм, «Шэджэм шууейхэр» сабий къэфакІуэ гупым, уэрэджьІакІуэхэу Тэхъу Артур, Юлташевэ Людмилэ, Мэремщауэ Каринэ, Атэлыкъ Алим, Пщынокъуэ Дианэ, Ахъмэт Дарьянэ, Шортей Дианэ, Кайсынов Алихъан сымэ.

Хэкум и хъумакІуэм и махуэм и щІыхькІэ спорт зэхьэзэхуэхэр щагъэхІуэкІащ Шэджэм къалэм дэт сабий-ныбжьыщІэ спорт унэм. БаскетболымкІэ, волейболымкІэ, шахматэкмкІэ, шашкэхэмкІэ зэпеуащ щІалэгъуалэр.

Школхэм щрагъэкІуэкІащ лІыхъужьыгъэм и дерсхэр. Библиотекэхэм къыщыізрагъэпэщащ Хэку зауэшхуэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэхэр.

Шэджэм щІыналъэм и администрацэм и пресс-Іэхэущ1ап1э.

● Дзюдо

Мудрэным и жэз медалыр

Германием и Дюссельдорф къалэм иджыблагъэ щекІуэкІащ дзюдомкІэ Гран-при турнирым и ещанэ зэхьэзэхуэр. Абы жэз медаль къыщІхьащ Къэбардей-Балъкъэрым щыщ Мудрэн Беслъэн. Псори зэхэту зэхьэзэхуэм ирихьэлІат къэрал 86-м икІа спортсмен 540-рэ.

ЗИХЬЭЛЪАГЪЫР килограмм 60-м нэблагъэхэм я гупым щыбэна ди лъэпкъэгъум япэщІыкІэ хигъэщІащ Мексикэм щыщ Кастилэ. Абы къыкІэлъыкІуэу гугъу демыхьыщІу Беслъэн текІуащ Кореем икІа Чой. Финалым и Іыхьэ плІанэ зэІущІэм Мудрэным къыпщІэхуащ Къэзахъстаным щыщ дунейпсо чемпион Сметов Елдос. Зэпэщ1этыныгъэм очко бжыгъэкІэ яІэ ит адыгэ щІалэр хабзэм ебэкъуауэ судьяхэм кьалытэри, текІуаныгъэр и хьэрхуэрэгъум ирагащ.

Адрей зэІущІэхэм Къэбардей-Балъкъэрым и лІыкІуэм щыхигъэщІащ Азербайджаным икІа Сафаровымрэ Европэм и чемпион куржы щІалэ Папинашвилирэ. Арати Мудрэным жэз медалыр къыльысащ.

- Иджырей зэхьэзэхуэр къыздэхъуІауэ схужьІэнукъым, - жиІащ Мудрэным турнир нэужьым. - Ауэ, нэгъуэщІ лъэныкъуэкІэ уеплъмэ, медальншэу сыкъэнэнми зымащІэщ иІэжар. Шэч хэмылъу, Дюссельдорф сыщытекІуэну сыхущІэкъуащ, ауэ си къэушагъэкІэ хабзэр къызэпызудри, хьэрхуэрэгъум и лъакъуэр субыдащ. Жагъуэщ апхэуэдэу къызэрыхъуар, ауэ Олимпиадэм ипэ кьихуэу иджыри зэхьэзэхуэ зыбжанэ кьытпэщылъщ. СызэреплъымкІэ, дуней псом щынэхъыфІипщІым яэзхэзри Олимп джэгуэм щытекІуэфынущ.

КЪЭХЪУН Бэч.

Мудрэн Беслъэн *(ижьымкІэ щытщ)* **зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкІахэм ящыщщ.**

● Бгы-лыжэ спорт

Урысейм и чемпионатым пашэныгъэр щызыубыдахэр

Бгы-лыжэ спортымкІэ Іуащхьэмахуэ лъапэ щекІуэкІа Урысейм и чемпионатыр иухащ.

ЗЭПЕУЭМ кърикІуахэр къыщапщытэжым, 1998 - 1999 гъэхэм къалъхуа кадет ныбжьыщІэхэм лъагапІэ нэхъыщхьэхэр яубыдащ. Москва щыщ Козлов Лавр япэ увыпІэр зыІэригъэхьащ. Бзылъхугъэхэм я дежкІэ щрагъэкІуэкІа а зэхьэзэхуэ лІэужьыгъуэм щытекІуащ Камчаткэм щыщ Яковишинэ Еленэ.

Зэхьэзэхуэм спортсменхэр гуащІэу щызэпеуащ. Зи зэфІэкІым еплъыжьну абы кърихьэлІа дэтхэнэри къызэримыкІуэтынур нэрылъагъут.

FIS зэдзэжь1эужьыгъуэмкІэ хъыджэбзхэм я деж щекІуэкІа зэхьэзэхуэм хэтащ 1998 - 1999 гъэхэм къалъхуахэр. Яковишинэ Еленэ и хьэрхуэрэгъуэр гъунэгъууи кьылъэщІыхьакъым. ИкІи аргуэру абы кьилэжьащ дыщэ медалхэр. ЕтІуанэ увыпІэр иубыдащ Тимченкэ Елизаветэ. ЦІыхухъуэхэм я зэпеуэм щытекІуащ Валынкин Михаил. Кузнецов Иван (Камчаткэ) етІуанэщ.

Сналом лІэужьыгъуэмкІэ екІуэкІа зэпеуэм щытекІуэри 2016 гъэм Урысейм и чемпион хъуащ Москва щыщ Мягков Фёдор. ЕтІуанэ увыпІэр иубыдащ Подмосковьем икІа Валынкин Михаил. Ещанэу къэсар Камчаткэм щыщ Свитков Геннадийщ. Суперигант лІэужьыгъуэм пашэ щыхъащ москвадзэс Бородайкин Артём. Мы къызэдзэжм щызэпеуащ спортсмен 39-рэ.

Бзылъхугъэхэм я деж щІыхь 29-рэ щызэнкьыхъуэхъуа спорт лІэужьыгъуэм пашэныгъэр щиубыдащ Подмосковьем щыщ Погребицкая Ольгэ. Ар ятекІуащ балигъхэми ныбжьыщІэхэми икІи тІумкІи къралым и чемпионкэ хъуащ. Абы къыкІэлъокІуэ Красноярск крайм щыщ Коломовэ Дарье. Ещанэу къэса, Камчаткэм кьикІа Шеринэ Наталье спорт хабзэм ипкъ иткІэ ныбжьыщІэхэм я деж щычемпионкэщ.

Мазаем и 21-м екІуэкІащ чемпионатым и иужьрей зэхьэзэхуэкэр. Сналом-гигантымкІэ Урысейм и чемпионкэ хъуащ Красноярск къикІа Овчинниковэ Дарье. Суперигант лІэужьыгъуэм а махуэм дыщэр къыщихьащ Тимченкэ Елизаветэ. FIS-м суперигант лІэужьыгъуэм щІыхухъу балигъхэмрэ ныбжьыщІэхэмрэ я эдэжэри а махуэм екІуэкІащ. НыбжьыщІэхэм я зэпеуэхэм щытекІуащ Подмосковьем щыщ Валынкин Михаил. Кадетхэм я зэныкъуэкъуныгъэм зыри къыщылъэщІыхьакъым Москва къикІа Приходченкэ Вадим. Бзылъхугъэхэм я деж а спорт лІэужьыгъуэм щызэхьэзэхуащ спортсмен 29-рэ. Погребицкая Ольгэ аргуэру псоми ятекІуащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

Овчинниковэ Дарья



Тимченкэ Елизаветэ

Погребицкая Ольгэ

● Футбол

Къэбэрдей щІалэхэм Адыгейр ягъэлъэщ

Зэгуэрым Налшык и «Спартак»-м щыджэгуа Иорданием къыщалъхуауэ США-м щыпсэу Чэгъэду Биберт Мейкъуапэ и «Дружба»-м и тренер нэхъыщхьэр зэрагъэуврэ блэкІа илъэс ныкъуэм кьриубыдау ехъулІэныгъэхэр зыІэригъэхьэу щІидзащ. Абыкіэ щІэгъэкъуэн нэс къахуохьу къэбэрдей щІалэхэр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкІэ и етІуанэ дивизионым и «Ипщэ» гупым 2014 - 2015 гъэхэм щекІуэкІа зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэм Мейкъуапэ и «Дружба»-м хагъэхьащ «Спартак-Налшыкым» къыхэумысэбэныну ди тренерхэм къалъыта гъуащхьэтет Хьаний Тимуррэ премьер-лигэм щыджэгуа, УФ-м и щІалэгъуалэ гупым хэта гъуащхьауэ Кьэжэр Назиррэ. Ахэр псынщІэ дыдэу гупым и пашэхэм ящыщ хъуащ.

Мис аргуэруи иджыблагъэ къэбэрдей щІалитІым Адыгеймкіэ яунэтІащ. Иджыри кьэс ди командэм игъэса икІи закъуэтІакъуэ щагъэджэгуа гъуащхьэхъумэ Абазэ Астемыррэ гъуащхьэхъумэныкъуэ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ Мейкъуапэ и «Дружба»-м къыщыкІэлъоплъ икІи ягу зэрырихьыну шэч кьытетхьэркъым. Абы и щыхьэтщ ахэр зыхэта япэ дыдэ зэныбжьэгъугъэ зэІущІэм Мэшыкъуэм топ зэрыщыдигъэкІар. Адыгейм и футболистхэр Краснодар и «Кубань»-м и щІалэгъуалэ гупым 4:0-у текІуащ. Топ дэзыгъэкІахэм ящыщщ Кьэжэр Назири.

Гуапэщ къэбэрдей щІалэхэм ди къуэшхэм зэрызыщІагъакъуэр. Дыщогугъ Мейкъуапэ и «Дружба»-р иджыпсту зэрыт щытыкІэ гугъум абыхэм кьрашу зэхьэзэхуэм щыпашэхэм ящыщ зы ящыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Ди хьэщIэщым

ЕЛЪЧЭПАР Хьэсэн: Куэд и уасэщ уи фIыгъакIэ цIыкIухэр нэщхъыфIэ хъужауэ плъагъуныр

«Жыгым къыпыкIэр и уасэщ, цIыхум и уасэр и лэжьыгъэрщ», - жеIэ адыгэ псальэжьым. И лэжьыгъэм фIыуэ зэрыхишыкIыныгъ, абы псэ хьэлэлкIэ зэрыбгъэдэтырщ нобэ ди псэльэгъу, иджыблагъэ зи ныбжьыр илъэс 60 ирикъуа, сабий хирург икIи эндоскопист Елъчэпар Хьэсэн БетIал и къуэм жылагъуэм щиIэ пщIэр къыхуэзыхьар.

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт курыт еджапIэ нэужым Елъчэпарым и щIэныгъэм щыпищащ медицинэ училищэм. Ар къиухри, Дзэлыкъуэ район сымаджэщым и «Дзэлыкъуэгъу псынщIэ» IэнатIэм фельдшеру щыщIидзащ. Илъэсищкlэ абы щылэжьауэ, тегушхуэри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и медицинэ факультетым щIэтIысхьащ. Иужьк1э республикэ, къалэ клиникэ сымаджэщхэм субординатурэмрэ интернатурэмрэ хирургиемкIэ къыщиухыжьри, Шэджэм район сымаджэщым ягъэкIуащ. 1987 гъэм щегъэжьауэ 1990 гъэ пщIондэ а сымаджэщым экстреннэ хирургиемкIэ и IэнатIэм щылэжьауэ, республикэм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм Москва игъэкIуащ сабий хирургиемкIэ и Iэзагъэм хигъахъуэну. Илъэситlкlэ абы щылIауэ, 1992 гъэм къыгъэзэжри, Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым уващ икIи нобэр къыздэсым абы щыIэщ.

- Дохутыр Iэщлагъэм нэхъыбэу сытезыгъэгушхуар си анэрщ. - къыщIедзэ псалъэмакъыр Елъчэпар Хьэсэн. - Хуемыджами, а Iуэхум есыми тIэкIу хищIыкIыу щытти, цIыхухэми Iэщхэми зэрыхуэзфIэкIкIэ еIэзэрт, фIэфIт и сэбэпынагъэ зыгуэрым иригъэкIыну. Абы сыкIэлэпIплъурэ сэри гукъыдэж сщIащ дохутыр Iэщлагъэр ззэгъэгъуэтыну. Иужьк1э къыщызгурыIуар анэм иIа хьэунсанIэр сэ зэрызззгъэхъулIар. Зи адэр зауэм эжкIуэда, зи анэр махуэ псом губгъуэм щылажьэ, быным я нэхъыжь хъыджбзым и къалэн къомым къыдэжуэ, дохутыр хъуну Iэмал иIакъым. И цIыху хэтыкIэкIэ, псэльэкIэкIэ, и Iэбжьакlэ дохутырыфI дыдэ къыхэкIынут си анэм. Пэжщ, абы сыхигъэзыхьакъым къыхэсхыну Iэщлагъэмкlэ. «Занщlэу университетым кlуэ жыслэркъым, медучилищэм щIэтIысхьи, еплъ узэрыхэзагъэм. Уигу ирихьмэ, уи щIэныгъэм адэкlэ хэбгъэхъуэнщ, ухуэмеймэ, нэгъуэщI Iэщлагъэ зэбгъэгъуэтыжынщ», - къыжиIат.

- Хьэсэн, уэ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщым эндоскопиемкIэ уи IэнатIэр щыбобыэкI. Медицинэм а и унэтIныгъэм и къэзныр сыт?

- Эндоскопием и Iэмалкlэр къагъэсэбэпурэ шхалъэ, тхьэмбыл, кIэтIий узыфхэр хъахутэ икIи ягъэхъыж. Эндоскоп Iэмэпсымэкlэ куэдкlэ нэхъ тыншу къыбощIэ узыфэр зыхуэдэр. Сабийхэм къэзыухъуреихь псори яфIэгъэщIэгъэнщ, ялъагъуэр щызэрагъэцIыхукlэ Iэмал имыIэу ар я жьэм яхьын хуейуэ абыхэм хьэл мыгъужьу яхэлъщ. Куэдрэ кьохъу ЖъэпшыI жьгъейхэр я шхынкIуэпIэм щытенэ. Мис ахэр эндоскоп Iэмэпсымэр къэдгъэсэбэпурэ къытыдохьж.

Къапщтэмэ, сэ лэжьэн къызэрыщIэздзар хирургыщ, Шэджэм район сымаджэщым сыщыщIалажьэ зэманым, 1988 гъэм, Горбачев Михаил и дзэпыкъуэгъу гъэрым а щIыналъэм къыбгъэдэкIыу депутату зыкъыгъэлъагъуэрт. Дызыхуейр къытхуищIэну дыкъыщигъэгугъэм, район сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм жесIащ Японием щащIауэ эндоскоп Iэмэпсымэ гуэр кьежьащи, ар къытхуищхуну елъэIуну. Куэд дэмыкIыуи ар къытIэрыхьащ. Ди щIыналъэм эндоскопиемкIэ япэ Iэщлагъэлъ щыта Василенко Юрий Республикэ клиникэ сымаджэщым щылажьэрти, абы и деж сыкIуэурэ а Iэмэпсымэмкlэ сылажьэу зезгъэсащ. Ди республикэм и район сымаджэщхэм ящыщу Шэджэм щIыналъэм щыIэрщ эндоскопием и Iэмалхэр къагъэсэбэпу цIыхухэм я уэнцIагъэр къапщытэм щыщIадзар. Иужьк1э Москва ординатурэм сыщыщIам, сабийхэм я деж а Iэмалыр къыщыгъэсэбэпыным зыхуезгъэсащ. Сабий сымаджэщым сыуваущ, сабий эндоскопие унэтIныныгъэмкIи си Iззагъэм хэзгъэхъуащ щыжысIэм, апхуэдэ Iэмэпсымэ щыIэу, ауэ ирилэжьэн Iэщлагъэлl эзрамылIэр яхэсщIащ. Мис абы щегъэжьауэ я унэтIныныгъэмкIэ солажь.

- АтIэ а зэманым щегъэжьауэ фи IэнатIэм сыт хуэдэ зэхъуэкIыныгъэхэр ягъэхъуащ?

- Куэдкlэ ефIэкIуэ сохъыIэнущ. Эндоскопие Iэмалхэм къахохъуэ, абыхэм зыщыдгъэгъуазэурэ ди лэжьыгъэм къыщыдогъэсбэгъэн, къежьа Iэмэпсымэщ1эхэмкIэ къызэхуэтыншэу дыкъыззгъэпэщащ. Пэжщ, мы унэтIныныгъэмкIэ сабийм еIэзэну щыIэ Iэщлагъэлхэр мащIэщ. Иджыпсту дохутырит1 дыхъуу аращ. Къыздолажьэ а Iуэхум сэ хуеязъэ-сэжа Губэл Дамир. ЗэфIэкIхэр къыгъэлъагъуэу, и IэнатIэр игу дыхьэу щытщи, шэч хэлъкъым и лэжьыгъэм екъулIэныгъэ зэрыщIэнум. Медсестрауэ тIу къыддолажьэри, зыпэрыт Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI, гъэсэныгъэ зыхэлъ цIыхухэщ.

- ЦIыху сымаджэр езыр тэмакъкIэщI мэхъу, апхуэдэм бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ къыхуэбгъуэтыфын хуейщ. Ар сабийм, абы и Iуэхур нэхъ гугъэжщ.

- Сабийм уеIэзэн щхьэкIэ езым и хьэлым уихьэн хуейщ. Балигъым узэрыбгъэдыхьэм хуэдэхъкъым абы узэрепсэлъэнур. КъыщIыхьа цIыкIум занщIэу зэрэпIазэн Iуэху хуэпкъкъым. Сабий садым е школым, и ныбжьэгъухэм, я унэм, я машинэм тебгъэпсэлъыхьурэ, псом япэрауэ, дзыхь зыхуебгъэщIын хуейщ. Сэ сытым джи си стIол къыдэгъэжьым кIэнфет е зэрыджэгу хьэпшыт гуэр дэлъщ. Мис абыхэмкIэ сахуэупсурэ къыддыдохьэх. И1анэ уи ныбэ щIыкIум себгъэпIлын» щыжысIэкlэ, зрамылъэфыхьу яжесIар къысхуащIэ. НэгъуэщIу абыхэм уакъыдекIуэкIыфынукъым. Сабийр псоми фIыуэ яIагъэу, ауэ сабий дохутырым и Iэщлагъэм екъулIэныгъэ щиIэн щхьэкIэ ахэр фIы дыдэу иIьагъун хуейщ. И1анэ, гу зыIыпсэтараци, операцэ ящIа сабийм балигъым хуэдэу щэIуу, тхьэусыхэу щыткъым, етIуанэ махуэм къыщыпIэту щIэпхъэуну хэтщ. Мис апхуэдэ бзшэчагъэ къагъэлъагъуэ э цIыкIуэм.

Дохутырым хэлъын хуэй нэхъыщхьэр сыт жыпIэмэ, сэ псом япэ иIэгъэщIар цIыхухэрщ, и Iэщлагъэмкlэ Iэзагъыщхуэ зэрыбгъэдэлъын хуейр, шэч хэмылъуи, гурыIуэгъэщ. Дохутырым къыхэхIыгъэ тхьэмыщкIэрэ къулейкIэ зэхидзын хуейкъым. Сэбэп зыхуэхъум и жыпым кIырихьмэ щымыгугъыу, дэIэпыкъуэгъу хуэхъуныр и кьалэнщ абы. Иджыблагъэ бзылъхугъэ гуэрым къуажэм къришри, фошыгъу уз зиIэ, илъэсищ ныбжьым ит и сабийр кьишащ си деж. Сеплъащ, и Iэху зыIутыр, адэкIи ищIэнщ жесIащ. «Дапщэ уэстынур?» - жиIэри зыкъыкъсхуигъэзащ. Си Iуэхутхьбзэр зэрыпщIэнщэр къыщыгурызгъаIуэм, ар фIэгъэщIагъэм хьауэу жиIащ: «Апхуэдэу хьурэ?! ДыкъыщыкIуэм къыжаIащ: ахъшэ уэстын хуейуэ». «Уэ сыт къыбжаIами си Iуэху хэлъкъым, сэ сщIэращи, иджыпсту пхуэсщам уасэ иIэкъым», - жысIэри щIэзгъэкIыжащ. Цыхубзым и нэм нэпсыр кьытелъдэауэ, фIыщIэ ищIри, щIэкIыжащ. ЕджапIэр къызэрызухамкIэ дипломыр си адэм щезгъэльагъуэм: «Къэбухамэ, хьарзынэщ, ауэ лэжьэн щIэбдзэрэ сом йоумытауэ Хьэсэн узыбгъэдигъэхьэнукъым жаIэу щызэхэсхам и деж кьуэуэ узбжьыжьнукъым», - къыжиIащ. Си Iэщлагъэм теухуауэ ар адэм кьызита ущиет.

Си лэжьыгъэмкIэ экъулIэныгъэ нэхъыщхьэу къэсплъытэр узым гукъыдэжкIэ зыIфIыгъэкIуадзауэ си деж кьаша сабийм и нэгур зэIухауэ, гуфIэу щыщIэжьажьмрэ абы и адэ-анэм я фIыщIэ псалъэмрэщ. Аращ си лэжьыгъэм и уасэ нэхъ лъапIэр.

- Фи деж кьашэ сабийхэр нэхъыбэу сыт хуэдэ узыфэ зыгъэгумащIыр?

- Нэхъыбэу адэ-анэхэр зыгъэтхъэусыхэр сабийхэр зэрымышхэращ. Иджырей цIыкIухэм кьуэат зыщIэлъ шхыным ягу хуэкIуэркъым. Сабийм и Iуэху зыIутыр кьызэрызжиIэу абы и анэм соупщI: «УхуэпщафIэу бгъашхэу уеплъа?» «АIей, апхуэдэу щхьэ жыпIэрэ?» - жеIэ занщIэу. Ар щIыжьысIэм щхьэусыгъуэ иIэщ. Сыт нобэрей сабийхэм я шыхыныгъэр?! Псы кьэкъуэлъар зыщIакIэ «супчикыр», кIэрпIоф гъэжьа жыхуаIэ «чипсыр», щIакъхуэ гъэгъуам кьыхащIыкIа «кириешкэр». Ахэр псори химиеэ зэфэззыщ. Фы хуащIэ я гугъэу балигъэр абыхэм зэрыхуэупсэ кIэнфетхэмрэ псыIэфIхэмри я шхэныр кьызэпеуд. Мис абыхэм псоми льатэр зыIегъэхьэ. Сабийм и апэ лъэбакъуэхэр ичу зэребгъасэм хуэдэу хъуат зыщIалъ шхынми егъэсэн хуейщ. Псори апхуэдэущ жысIэкъым, ауэ нэхъыбэр аращ.

- Цыхум и Iэщлагъэр кьыщыхихIэ адэкIэ абы и гъащIэр зэрыхъунур еубзыху.

- Си гъащIэр кьыззрекIуэкIамкIэ сыарэзыщ, кьытезгъэзэжыну кьысхихуламэ, а гъэгуэнэ дыдэрт кьызэсхьжынур. Цыхум сэбэп ухуэхъуным нэхъыфI сыт щыIэ?! И нэгур нэщхъейуэ кьыпхущIахьа сабийм уи гур егъэуэ, ауэ уи фIыгъэкIэ ар нэщхъыфIэ хъужауэ плъагъуныр куэд и уасэщ.

- Дохутырхэм я лэжьыгъэм цIыхуэр арэзы кьызэримыщIым теухуауэ тхьэусыхафэ куэд кьокIуэкI. Уэ узэрепльымкIэ, сэ ар кьызыхэкIыр?

- Си лэжьыгъэм теухуауэ сытепсэльыхьынщ а Iуэхум. Хирургит1 долажьэ, тIури операцэм дыщыIэу сымаджэ кьашэ. Аращи, «сымаджэщым дыкъэкIуащ, зыри къыдэпльыркъым», - жаIэри адэ-мыдэкIэ псэльэн щIадзэ, я Iуэхур нэхъыфI хъун я гугъэу. Нэхъыбэ дыдэу сыхьэт ныкъуэщ ахэр дохутырым зэрыпэплъэнур, ауэ я шыIэныгъэр яхурикъуркъым. И1анэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, дохутыр Iэщлагъэр кьыхэзыха щIалэгъуалэ куэдым гуэзвэгъуэ хэхуа цIыхум епсэльэкIэ ящIэркъым. Сабийр сымаджэщым гуэзвэгъуэщ къэзышари, ар щхьэщIапхын хуейуэ араш, адрей псори лейщ. Мис абдежым кьыщожьэ псалъэмакъ кьэзышIэ зэхущIыкIыхэр. ЦIыхуэм яку зэхудэчыхьныгъэ дэпIын хуейщ.

- Дохутырым и махуэр дауэ кьыщидзэрэ?

- Пщэджыжьым лэжьапIэ пэшым сызэрыщIыхьэу си медсестрахэм я гукъыдэжыр зыхуэдэр зызогъащIэ. Я гукъыдэжыр сигу иримыхьмэ, сабийм яхэзгъэхьнукъым. Абы мыхьэнэшхуэ иIэщ, сабийм фIы дыдэу зыхещIэ балигъым и щытыкIэр, си нэгур зэлъыIуха дохутырым дэрэжьэгъуэ иретыф сымаджэ щыкIуэкъым. Адэкlэ махуэр зэрыкIуэнур доубзыхуэр, сымаджэхэм дащIэупщIэн щIыдодзэ. Дэ сабийм деплъын и пэ ар сыхьэти 3-4-кIэ мышыкуэз щытын хуейщ, ныбэнэщIу ахэр куэдрэ зэдмыгъэжьэн щхьэкIэ, Iуэхум кIыхьлIыхь зедгъэщIыркъым. Нэхъ цIыкIу дыдэхэм я деж къыщыщIыдоIэри, ди махуэ лэжьыгъэр доубIэ.

- Хьэсэн, уи зыгъэпсэхугъуэ зэманыр дауэ бгъакIуэрэ?

- Си зыгъэпсэхугъуэ зэманым и нэхъыбэр къуэрылъхум тызогъэкIуадэ. Быным нэхърэ абы я щIэблэр нэхъ Iэфщ щыжаIэм деж къызгурыIуэркъым. ТIури зыщ ахэр, ауэ къуэрылъу-пхъурылъхуэхэм я Iэфlагъэр нэхъ куууэ щыызэхэтщIэр ди нюбжьри тIэкIу хэкIуэтауэ, зэманри дилъу дазэрыбгъэдэсырц. Абыхэм ятебгъэкIуадэ зэманым хуэдиз быным яхуэпхьыфIыркъым. Абы щыгъуэм уи щIалэгъуэщ, унагъэр зыхуэй хуэбгъэзэн папщIэ уложьэн хуейщи, зэманыр пхурыкурыкъым. Мис аращ, а Iуэхур зэрыщытыр. КьищынэмыщIауэ, пщыхьащхьэ къэс унэгуащэмрэ сэрэ ХьэтIохъущыкIуэй жыг хадэм къыщыдокIуэк. Къыщыдыдзэ ди адэ-анэр зэрыхъунур.

- Цыхуэр гъащIэм лъэ быдэкIэ хэтыныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ и унагъэм. Абы и гугъу уэзгъэщIынут.

- Унагъуэ насыпыфIэр ар зэгурыIуэныгъэ здэщыIэрэ. Унагъуэ жьэгум дэлъ а фIыгъуэм и хъумакIуэщ си щхьэгъусэ Людмилэ. Ари и Iэщлагъэкlэ дохутырщ, илъэси 10-кIэ Шэджэм район сымаджэщым экстреннэ гинекологиемкIэ и кьудамэм щыIэжьащ, иужьк1э Налшык кьалэ «Эль-Ма» медицинэ центр къыщызэIуихащ. Ди щIалэхэу Алимии Залыми, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ди лъапIэм ирикIуэжакъым. Жэщи-махуи дызэрыIэжьам, дабгъэдэсэну Iэмал зэрыдимыIам а Iэщлагъэм абыхэм я гур бгъэдигъэкIащ. Тлуми Урысей МВД-м и университету Санкт-Петербург дэтыр кьаухащ. Нэхъыжьыр - Налшык, нэхъыщIэр Санкт-Петербург я IэщлагъэхэмкIэ щолажьэ. Алим унагъуэщ, абы и щхьэгъусэ Кариндз экономистщ. Абыхэм я Идар цIыкIу адэзшхуэ-анэзшхуэм ди кьэрэпльхуэ гъэфIэнщ.

- Илъэс 60 гъащIэ гъуэгуанэм уриплъэжрэ къызэщIэкъуэжмэ, абы къыхэпха сыт хуэдэ гупсысэкIэ укъыдэгугъэщнт?

- Апхуэдизкlэ псынщIэу кIуащ зэманри, а илъэс бжыгъэм сызэрыпэса щыIкIэр кьысхуэщIэркъым. Илъэс 50 сызыщхъуам си анэм: «Алыхь мыпэж, итIанэ сэ дапщэ сызэрыкъур-тIэ?» - жиIэрт. Мис апхуэдэу зэманыр блэщIэфтри ежьэжащ.

Си щIалэгъуэм ди адэ-анэр зэрыхъукIэ кьыддэзэпыкъуащ. Иджыпсту дэ диIэр ди пщIэнтIэнскIэ кьэдлэжььжащ. Сэ кьызгурыIуэращи, уи гущIэдэкI хьэлэлкIэ уэ кьэблэжььжьым хуэдэ щыIэжьым. И1анэщ уиIэм пщIэ щыхуэпщIынри уи гур хуиту дунейм ушыстетыфынри. ЩылапIри аращ зыщIэтпIыкIэр. Иджы я псэукIэм щыIэжьым кьыщыхIыкIэ, дызэрызззхащIыкIар, ди ущиехэм зэрытетыр долъагъу.

- Упсэу, Хьэсэн! Уи Iэщлагъэм и хъер плъагъуу адэкIи уи IэнатIэр епхьэкIыну ди гуапэщ!

Епсэльар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иэзэ**.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Лъэпкъ псоми езым я хабзэ, бзэ, дин, къафэ щхьэхуэ яIэжщ. Лъэпкъым псэ хэзылъхьэр а Iыхьэхэр щIэблэм зэрыщэрахьэм елъытащ. Iащ1эм зиужьыхукIэ хамэ хьэл, псэукIэ къатщтэурэ екIуэжкIи, Iащ1эм и къуэзанэм фIыр къимынэжкIэ Iэмал иIэкъым. Апхуэдэхэм ящыщщ илъэс 80 гъуэгуанэ къэзыкIуа «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакIуэ ансамблыр. Лъэпкъым и махуэфIи махуаи дзыгъэпсынщIа ансамблым а пIалъэм къриубыдэу хьэхьари хэкIыжари куэд мэхъу, ауэ езы къафэм и тхьдэм къыхэнар, абы иIэтар зырызыхэхэщ.

ЩIалэу утыку ихьахэм, къафэм и бзэ щхэукIэ дуней псом епсэлъэлIахэм ящыщщ илъэс куэдкIэ абы и къэфакIуэ пэрытхэм хабжэу къекIуэкIа Битокъу Оксанэ. Абы и къафэ гъэззщIкIэр зэ зылъэгъуам игу къимынэжкIэ Iэмал иIэкъым. Яныныкъуэхэм къэфэкIэ зрагъасэ адрейхэр абы къыхуалъхуащ. Оксанэ зыщыщыр етIуанэ гупращ. Абы иГъэззщIа къафэхэм къахэщ гъащIэмрэ и гъащIэм щигъэзащIэ къафэхэм къатещ «гъащIэмрэ» нэхъ зэIухауэ дытепсэлъыхьмэ ди гуапэу ар ди хьэщIэщым къедгъэблэгъащ.

Оксанэ бзылъхугъэ губзыгъщ, къэфакIуэ Iэззщ, анэ гумащIэщ, цIыху насыпыфIэщ. Бзэ псоми я анэ къафэм Битокъур дезыгъэхьэхарщ, абы тезыгъэгушхуарщ япэу дызыщIэупщIар.

ЩIэм я щапхъэрэ жьым я напщIэу

- Совет зэманым пионер лагерым зыщызгъэпсэхуу Iэбыдэ зэкъуэшхэр накIуэщ, илъэси 8-10 ныбжьымит сабийхэр дызэхуашэсри къыздэплъащ. Макъамэр зэрызыхэтщIэм кIэлъыплъри, зыныкъуэхэм тхьылъмпIэ цIыкIухэр къыдатащ. Унэм сыкъэкIуэжа иужь, Iуэхур зыстетыр си адэ-анэм яхуэсIуэтати, нэгъуэщI мыхъуми кьысхуагъэфэщар зищIысым срагъэплъыну унафэ ящIащ. Зэпеуэм и етIуанэ Iыхьэм срихьэлIати, абы екIуэлIа сабии 180-м ящыщу 15, сэри сахэту, дыкьыхахри, Гъуэзджэмрэ щэнхабзэмкIэ колледжым дыщIагъэтIысхьащ.

КъэскIуэ гъуэгуанэр кIыхьми кIэщIми абы егъэджакIуэ куэд щызиIащи, дэтхэгъэнми фIыщIэ хуэфащэу къызолъытэ. ЩIэ щIэткъым абыхэм гугъу зэрызыкъуддргъэхьам, уеблэмэ адэ-анэм хуэзгъэ къытщхьэщытащ, кьыщыдзэубзэнри кьыщыдээшхыдэнри ящIэу, мураду ди гум итлъхьам дытрагъэгушхуэ. Абдежым щыщIдзэауэ цIыху нэсым, артистым хэлъын хуей хьэл-щэн нэхъыщхьэхэр къытхалъхьэрт, лэжьыгъэм дыкъыхуагъэтэджырт.

ЕджапIэм и япэ илъэсхэм дызыхуагъасэр урыс къэфакIэ зэмылIэужьыгъуэзэрати, сэ лъэпкъ къафэхэм дыщынэсыныр кьысхуэмыгъэсу сежьэрт. Нэхъри, еджапIэм сыщыщIэтIысхьэм кьыхэжаIат си Iэпкъльэпкъ щыкIэжкIи, си теплъэкIи лъэпкъ къафэм нэхъ сыкъуэкIуэ, си насып кьикIмэ, дуней псом кьащIащ цIыху «Кабардинка» къэфакIуэ гупым сыкьыхьэфыну.

Колледжым илъэсийкIэ сыщеджащ, абы дыщIэсызукIэ театрым балет дыкъыщыфэну, «Кабардинка»-м лъэпкъ къафэхэм зыщыхуедгъэсэну дыкIуэрт. Уи фIэщ хъункъым - ансамблым хэтхэр блэкIыу щытлъагъукIэ, дыбауэрэтэкъым, Тхьэ пэлъытэ гуэрт ахэр ди дежкIэ.

- Япэу утыку укъизыщащ хэт?

- Махуэ гуэрым дыкъафэу «Кабардинка»-м я художественнэ унафэщI Атэбий Игорь ныщыкъьэри, къытхэплъащ. Хэт сыт хуэзфIэкIми зэхигъэкIауэ кьыщIэкIынти, дыкьыщыщIыкIыжьым цIыху зыбжанэм, сэри сахэту, ди унэцIэм кьыщIэупщIащ, сысоейр щыжесIэм игъэщIагъэуэу етIуанэу кьызэщIэщIыжати, мащIэу зызгъэщIэгъащ. ЕтIуанэ махуэм дыкьеуэвэкIауэ дыщыту зы щIалэ кьыщыIыхьэри: «Битокъуэх я пхъур кьыхэкIуэт», - щыжиIэм сыкьэгугъэващ, зыхэсщIыхьахэм ящыщу сыту пIэрэ кьыщIэщыжкар, жысIэри *(мэдыхьэшх).* КьызэрыщIэкIымкIэ, Битокъу Аслъэнбэч дызэриблагъэр кьищIэри, сызэригъэщIыхуну кьэкIуаеу арат. Сэ схуэдиз схэхъуауэ кьыщIэкIынт си дэлъхуэр зэуэ «Кабардинка»-м хэту кьыщыщIам. Ауэ абдежым щыщIэдзауэ нэхъыбэу гугъу зезгъэхь, нэхъыбэу сызэлэжьыж сыхъуащ.

Сыт хуэдэ Iэщлагъэм куууэ щыхъэгъуазэр урилэжьи щIэбдза иужьиц. Гупым щыщу цIыху зыбжанэ дыкьыхахри, мазэ хуэдэкIэ къытхIэлъпIлъа ныжь, си закъуэ «Кабардинка» ансамблым сыкьащтауэ щытащ. Шэч хэмылъу, ар си дежкIэ насыпышхуэт икIи жэуаплIныгъэшхуэт. Ауэ ансамблым хэтхэм салъэщIыхьэжьхэр хуейти, щхьэкIэIэт симыIэу, сакъыхэмыщу сазэрыбгъурытыным яужь ситт. ЖызыIэни щыIэу кьыщIэкIынт си дэлъхуэр зэрыдэIэпыкъуауэ. ГъащIэм и жьыуейхэм кьахуимыгъэкIуэт цIыху быдэ я кьысхэкIыныкIэщ ахэр кьызэрыздэIэпыкъуар. Хуэдиткlэ си лэжьыгъэр кьыстрагъэхьэлъэрт, псалъэмакъ сиIэмэ, сэ езым зэхьзагъэхьыжырт, а зэманым а псор кьызгурыIуами, си щхьэ Iуэху схудэгъэкIыжу сызэрагъэсам папщIэ иджы фIыщIэ яхуэщI. ЯгъэфIакъэм, щагъэкIакъэм сазэрыщымыщра кьыщIэкIынщ, ерыщу си зэфIэкIхэм хэзгъаХъуэу сыщIекIуэкIари. Сигу икIыжьынкъым пэрыту сыкьэфэну япэу кьыщысхуагъэфэщар. Абы кьикIыр зыт - сэ нэхъыфIыжу сылэжьэн, дзыхьыр згъэпэжьн зэрыуейр.

- «Кабардинка» къэфакIуэ гупым укьыхэкIыжа иужьк1э уи Iэхуэхэр дауэ хъуа?

- «Бын зыпI бын уасэ хон», - псалъэжьыр гъуазэ схуэхъури, «Кабардинка»-м сыкьыхэкIыжьын хуей хъуащ. Иужьк1э езым си гуп кьызззгъэпэщри, хъыджбзэ балигъхэм садэлажьэу щIэздзащ. ЯпэщIыкIэ шэч гуэрхэр кьытесхьами, иужьк1э абыхэм сатемыукIытыхьу хуиту утыкум ит хъуат.

КьыхэзгъэщIну сыкуейт иужьрей зэманым ди щIалэгъуалэм лъэпкъ гъуазджэмкIэ я гупэр кьызэрагъэзам сызэрыщыгуфIыкIыр. «Щэхур хуабэ щIыкIэ хуэ, щIалэр цIыкIу щIыкIэ гъасэ» псалъэжь кьыдокIуэкI лъэпкъым. Нобэкlэ «Нал цIыкIу» къэфакIуэ гупым я балетмейстеру солажьэри, а цIыкIуэхэм сэ кьызат гукъыдэжыр пхузмыIуэтащIыным хуэдэщ. Дэ нэхъыжьхэм, ди кьалэн псоми я щхьэщ лъэпкъым и фIагъ, дахагъ псор абыхэм яхэтлъхьэныр. Апхуэдэуи, СЪРКЪУ-м и «Къафэ» ансамблым хэтхэм садолажьэ, абы-хэм я зэфIэкI ди республикэми абы и адрыщIкIи мызэ-мытIыкъу щагъэлъэгъуащ. Упсэуху зыбжьжьи, уи щIэныгъэм хэбгъэхъуэн хуейщ. А щхьэусыгъуэращ Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкlэ институтым сыщIэтIысхьэжьыну сытезыгъэгушхуар. ХореографиемкIэ кьудамэм сызэрыщеджам Iэмалыфl кьыдитащ дуней псом я щэнхабзэм зыщыгъэгъуэзэну, иджы а щIэныгъэхэр кьытщIэхуэ щIэблэм зэрабгъэдэтлъхьэным сыкуэцIокъуэ.

- Оксанэ, къафэмрэ уи гъащIэмрэ я зэпыщIэныгъэм, абы уи гъащIэм щиубыд увыпIэм и гугъу уэзгъэщIынут...

- НэгъуэщI Iэщлагъэ срилажьэфынуи си фIэщ хъуркъым, апхуэдизкIэ къафэм си гъащIэ пор епхауэ щыIэтат. Абы лэжьыгъэ кьудейкIэ уеджэныр гъущIэуэщ, и щIагъыбзэ куущ. Куэд дыдэрэ кьысхуихуащ къафэ лIэужьыгъуэ гуэрым и философиер гъащIэм езгъапщэурэ хэкIыпIэхэр кьыщызгъуэтэ е нэхъ куууэ кьыщызгурыIуа. Хабзэр, цIыху зэхуэщытыкIэр, дахагъ нэсыр, къекIумрэ-къемыкIумрэ, бзылъхугъэ нэсым хэлъын хуей хьэл-щэнэр сыкъафэурэщ пкъынальэм нэсу щызыхэсщIар, лъэпкъым и Iэфы-пIэр кьызгурыIуэну щысхуэзфIэкIар.

Иджыпсту сэ студент гуп изогъаджэри, къафэм и бз щэхур а ныбжьыщIэхэми яIурыслъхьэну, абы и купщIэр кьагурызгъэIуэну яуж ситщ. Си щхьэкIэ ар жэуаплIныгъэшхуэу къызолъытэ.

- Лъэпкъым и набдзэ ансамблым хэт адыгэ бзылъхугъэм нэхъыщхьэ дыдэу сыт хуэдэ хьэлщэн хэлъыпхъэу къэплъытэрэ?

- Дэтхэнэ цIыхубзми фIыкIэ зэджэ дахэ псори зэрызэхилъхьэным хущIэкъун, бзылъхугъэр дуней гъэдахэщи, щIэм я щапхъэрэ жьым я напщIэу зэрыпсэуным иужь итин хуейщ. «КIыфIми укъыщалъагъу, губгъуэми уещIэзэхах» - адыгэ псалъэжьым дыщIапIыкIащ ди егъэджакIуэхэм. Дэнэ щIыпIэ дыщIэзми дызэрыадыгэр тщIэжрэ, лъэпкъым и фIыпIэр зэрыдгъэлъэгъуэн яужь дитущ дыкъызэрекIуэкIар: уэрамым дыщыдэти, утыкум дыщити, унагъуэм дыщыщIэси хабзэжьыр ди «жьэгу» дэкIакъым. Бзылъхугъэм псом япэ и щхьэ, къэзыхъуреихь дунейм пщIэ яхуищIу къежьэкIэын хуейщ. ГъащIэм псори щызэпхащ, уи дуней тетыкIэрщ уи пщIэр зэлъытыжари, къэблэжьмэ лыжь пшынщ...

Адыгэ хабзэр пщIэным кьищынэмыщIауэ, абы утетмэ, нэгъуэщI кьыщIэбгупсысыни кьыщIэплъыхьуэни щыIэу сщIэркъым.

- ГъащIэ, щытыкIэ зэхуэмыдэ куэд къызытещ кьафэ лIэужьыгъуэхэм щыщу хэпIэтыкIыу, уи псэм нэхъ фIэфIу хэубдыкIа уиIэ?

- УпщIэ гугъуэ ди си дежкIэ. Къафэ къэс езым и дахагъ, щхэу, щIагъыбзэ, хьэл щхьэхуэ иIэжщ. Щытыкlэ зэхуэмыдэхэм уизыгъэувэ къафэм уи ныбжьыр кIуэтэхуIэ нэхъ куууэ зэхэпщIэ, кьыбгурыIуэ е нэхъыфIу пльагъу лIэужьыгъуэ хэтщ. ЩIалэмрэ хъыджэбзымрэ я зэхущытыкIэр, зыкъэгъэльэгъуэкIэр, пльэкIэр - зы кьалэн пыухыкIа гуэр лъэбакъуэ ныкъуэ къэс ягъэзащIэри аращ ар дахэ, щIэщыгъуэ зыщIыжыр.

Иджыблагъэ Битокъу Оксанэ «КъБР-м щIыхь зиIэ и артист» цIэ лъапIэр кьызэрыкъуагъэфэщам и хьыбар гуапэ кьыпIэрихьащи, абы и ехъулIэныгъэхэр нэхъыбэж хъуну дохъуэхъу.

Епсэльар **ЩОМАХУЭ Залинэщ**.
Сурэтыр **Ерокъуэ Бишер** *трихащ.*

● ЖЫЭГЪУЭХЭР

Іуамыхыф ІункІыбзэ

♦ИкІи ужьмэ, икІи ужьеймэ, хэт уи гугъэ къыпхуеижыр?
♦Зэ узыпхыуа мылым етІуанэу утемыхьэжи нэхъыфІщ.
♦Зи зэманыр къыззэмащІэкІыр зэгъэзэхуэкІэ зымыщІэрщ.
♦ЩІыхуэ къыщтэурэ унэ ищІати, унэр ищэжри щІыхуэр ипшынижащ.
♦Зыгуэр хуэныкъуэу къэмыхъуам гукъеуэ щІыгъэркъым.
♦Іуамыхыф ІункІыбзэ щыІэкъым.
♦ЩІым щІамытІэф псалъэ къыщынэмыщІа щыІэкъым.
♦Акъылым ипэ бзэгур илъэдамэ, Іуэхур зэІыхьауэ бжы.
♦Хэт и бгэреи гыбзэм екъыж.
♦Мылъку зэхуэлъэфэсыным цІыхухэри цІыхугъэри фІигъэкІуэдат.
♦Уи щхьэм къэмысауэ мафІэм исри псыр зыщІэуари зыхэпшІэнукъым.
♦Зи ныбэ нэщІым зеуплІэнщІри, зи ныбэ изым зешэщІ.
♦Къару сиІэщ жыпІэу, акъыл зиІэм зытумышащІэ.
♦Псым урихьэжьа нэужькІэ, есыкІэ пхуэзгъэщІэжьнукъым.
♦Быным и дежкІэ анэм и хуабагъэр гъатхэ дыгъэу гуащІэщ.
♦Зэм кІыщым сыщогъукІэ, зэми зыкъым сыщокІыщтэ.
♦ЩыптІэгъамэ уимыфащэ, ухуишэнкІэ хъунущ пхуэмыфащэ.
♦Насыпыр лэгъупыкъум и плъыфэхэм нэхърэ нэхъыбэжу зэхэлъщ.
♦Насып жьыхуІэр узыхуей псомкІи псэр гъэнщІамэщ.
♦БлэкІам кІэ пыткъым, укІэлъыпхъуэкІэ къыпхуэубыдыжьнукъым.
♦ЗимыІэ акъылыр улъэІуакІэ зыми къуитынукъым.
♦Шы здэщымыІэм шыдми шыуэ зыкъыщыщІохьэж.

КІУРАШЫН Алий.

● Хъуэхъу

Тэрч къалэ щыщ Товэ Лидэ Алихъан и пхъур мазаем и 28-м илъэс 80 ирокъу

ПщІэ зыхуэтщІ ди нэхъыжьыфІ, фІыуэ тлъагъу ди анэ, анэшхуэ Іумахуэ!

Дынохьэхьэу уи узыншагъэр быдэу, быным, абыхэм я щІэблэм я насыпым уигъэгушхуэу къэдрэ упсэну. ФІыгъэшхуэщ уэ пхуэдэ нэхъыжьыфІ дызэриІэр. Тхьэм куэдрэ укъытщхьащигъэт!

Уи къуэр, уипхъуэхэмрэ уи малъхъэхэмрэ, уи къуэрылъху-пхъурылъхуэхэр, абыхэм къатепщІыкІыжа цІыкІуэху Имран, Алемдар, Роксанэ, Амалие, Азалие, уи Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ.

● ЩІэблэ зэчиифІэ

И зэфІэкІхэм хэхъуэну

Жыласэ Темырлан Налшык дэт курыт школ №28-м и езанэ классым щІэсщ. Абы и егъэджакІуэ Бай Наталье зэрыжиІэмкІэ, Темырлан фІы дыдэу йоджэ, гъэсэныгъэ тэмэми хэлъщ.

ЕДЖЭНЫМ щызыІэригъэхьэ екъулІэныгъэхэм папщІэ «ЕджакІуэ нэхъыфІ дыдэ» тхьылъыр мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ. Анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ, ар екІуу зыІурылъ щІалэ цІыкІур усэ жьІэным дехьэх. Иджыблагъэ ар хэтащ сабий усакІуэ цІэрыІуэ Щоджэн Леонид и цІыхубзыфІ «1ТкЪР» телевиденэм къызэригъэпэща пшыхьым икІи гъэхуауэ усэ цІыкІу къыщеджащ. Апхуэдизу Темырлан хэтащ «Гупсэ сакІуэ акъылыфІэ» къэралпсо ныбжьыщІэ зэпеуэм икІи апэ увыпІэр къыщихьащ.

Дадэ зэрыпагэ, нанэ зэрыгушхуэ Темырлан цІыкІу унагъуэми сэбэп щохъу. Ар и адэ-анэм ядоІэпкъу, и шыпхъу цІыкІуэху Дыщэнэрэ Іэдыщэрэ еуший, егъэджэгу.

ЩІалэ Іущым, акъылыфІэм дохъуэхъу узынишэу, и зэфІэкІхэм хигъахъэу, щІэныгъэ кІу зригъэгъуэту, лъэпкъыр зэрыгушхуэн цІыху къыхэкІыну.

ТАМБИЙ Линэ.

● ІэпщІэлъапщІэ

Адыгэ фащэм, хьэпшыпхэм йолэжь

Сирием къикІыжауэ Налшык щопсэу Соснакъ Мухьэмэд. Ар илъэс кІуэ щІауэ гъуэлъэм йолэжь. А гъущІ лІэужьыгъуэм адыгэхэм къагъэсэбэпу щыта Іэмэпсымэхэр, хьэпшыпхэр къихутэжу-рэ къыхэщІыкІ. Абы и лэжьыгъэхэр цІыхуэхэм яфІэгъэщІэгъуэнщ. зылъагъуэхэм я гум дыхьэу щытщ, щІэлъэІуэху зыщэхуэхэри мащІэкъым. Соснакъыр зыхуедэжар нэгъуэщІ Іэщ Іагъэмри, гъущІыкІэм елэжьыныр зыхилъхь щыІэкъым. КъызэрыкІуэжрэ дэкІа эзэман мащІэм абы хуэзэфІэкІащ и Іуэхущ Іафэхэмкі Хэкум цІэрыІуэ щыхъуэн.

- Мухьэмэд, дапщэщ Хэкужьым къыщыбгъэзэжар, куэд щІауи уелэжьрэ мы Іуэхум?

- 2000 гъэм къзэгъэзэжащ Къэбэрдей-Балъкъэрым. КъБКъАУ-р къэзуха иужь, Сирием сыкІуэжащ къытезгъэзэжьнэ мурад сиІэу. Ауэ унагъуэ Іуэхуэсм къыхэкІкІэ, илъэсиплІкІэ сыкъэжьэжьфащ-къым. 2010 гъэм Хэкужьым сыкъэнхьэжащ. Зы зэман гуэркІэ сыщылэжьащ щэкІ щызэІуащэ Іуэхущ Іапі Іэм. Иужькіэ сыдэзыхьэх Іуэхум сыпэрыхьащ. Си лэжьыгъэм ехьэлІауэ сызыхуеину хьэпшыпхэр, Іэмэпсымэхэр занщІэу къысхуэгъэуэтакъым. Хэмурэ ахэр зэзгъэпэщащ, хэзэщІыкІкІэми сечэнджащащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ нэхъ куууэ си лэжьыгъэми яужь сихьащ. Иджы илъэсищым щІигъуауэ сролажьэ а Іуэхум. Лъэпкъ тхьібзэхэр къызэгъэсэбэп, дэтхэнэ зы хьэпшыпри селІалІэу сощІ.

- Гъуэлъэр тэмэму бгъуэту щыт, дэнэ ар къыздилхьыр?

- Зэкіэ сату щащІ щыпІэхэм къыщызогъуэт. Пэжщ, лъапІэщ, абы къыхэкІкІи, нэгъуэщІ къалэхэм къыщыслъыхьэуну, нэхъ пуду, нэхъ езэгърабгъуу къэзгъуэтыну си мурадщ.

- Уи лэжьыгъэхэр дауэ утыку къызэрилхьэр?

- Нэхъыбэу интернетыр къызогъэсэбэп, къыщІэупщІэхэр щыІэщ. Мыбы дыхуейщ жаІэу хъыбар къызэзыгъащІэхэм, я лъэІуэр яхузощІэ. НыбжьэгъуфІхэр сиІэщ адыгэ Іэщэ-фащэхэм елэжьу. Ахэр чэнджэщагъу кІыскуохъу, зыхэзмыщІыкІамэ къызэжаІэ. Щам (Дамаск) сыщыщІыам сриІэжьащ мы Іуэхум, ауэ Хэкужьым сыкъэкІуэжа нэужьщ адыгэ хьэпшып нэхъыбэу щІын щыщІэзэдзар. Хамэ щІыпІэм адыгэ бгырыпхым е лъэпкъ тхьипхъэхэм я щІыкІэр къыщысщІэну апхуэдэ Іэмал згъэтатэкъым. Мы Іуэхум щыгъуазэ сыхуэхъуа нэужьщ лъэпкъ Іэмэпсымэхэм зеспщытыну сыщытегушхуар. Сэ зэкІэ сызэлэжьыр зы Іыхьэ мащІэу арац. ЩІыІэщ я щІыкІэм сыщымыгъуазэу нэхъ лэжьыгъэ гугъуэхэр. Сыкуейщ абыхэм я Іэмалхэр къэсхутэну, нэхъ куууэ лэжьыгъэ пыухыкІа-хэр згъэзэщІэну.

- Гу зэрылъыстамкІэ, адыгэ тхьипхъэщІыпхъэхэр нэхъыбэу уи лэжьыгъэхэм къыщыбогъэлъагъуэ?

- Нэхъыбэу аращ, ауэ си си еплъыкІэ гуэрхэри хьэлэхъэ.

- Упсэу, Тхьэм уригъэфІакІуэ!

Епсэлъар
НАФІЭДЗ Мухьэмэдщ.

● Фэ фщІэрэ?

ЩІыжаІэм и мыхьэнэр

Нысащ ІэзэгуэгъэП. Адыгэхэм яхэлъа хабзэщ. НысащІэм зы илъэскІэ унагъуэ Іуэху ирамыгъащІэу щытащ. А пІалъэр дэкІауэ нысащІэр япэу псыхьэ щашэм деж чысэ, бэлътоку, гъуджэ цІыкІу, мажьэ, нэгъуэщІ хьэпшыпхэр къраГъащэтэри, здэкІуэм къыхуэзэ цІыхухэм ахэр ирыгарьэтэрт. Апхуэдизу щІащІыр япэу нысащІэр цІыхухэм щахуэзэм деж «пэгун нэщкІэ Іущащ» жрамыгъэІэн щхьэкІэт. Псы кІихьу къыщыкІуэжкІэ, къыхуэзэкэм псыр фІракІуту аргуэру псыхьэ ирагъэгъэзэжыну хуитт. Апхуэдэуэрэ, нысащІэр зэгуагъэпу, и бэшэчагъыр къащІэну и псыр зыбжанэрэ щыфІракІутыж щыІэт.

Хабзэр кІуэдыжащ XX лІэщІыгъуэм и 30-40 гъэхэм.

Нысэлъагъу. Нысашэ дауэдапщэхэм ящыщ хабзэщ. Нысэлъагъур тІу мэхъу. Илъ зэманым зи нэчыхь ятха хъыджэбзыр къамышэу зы илъэскІэ дагъэсыжу щытащ. А лъэхъэнэм кІиуу быдэу нэчыхь зыхуатха щІалэм и къуэш, и шыпхъу, благъэ щІалэгъуалэ я гъусэу, хъыджэбзым и деж кІуэрти, яльагъурт, и узынщагъэ, и Іуэху зытет зрагъащІэрт.

ЕтІуанэ нысэлъагъур зыхуэзэр хъыджэбзым и адэ-анэм ар дыщасэ яшэжауэ щыщыІэрат. Абы щыгъуэ нысэлъагъу кІуэхэм хъыджэбзым и адэ-анэм, унагъуэм исхэм тыгъэ гуэрхэр хуахьырт. Псалъэм папщІэ, хъэпталыпхъэ, бостеягхъэ, вакъэ, напэІэлъэщІ, нэгъуэщІхэр. Октябрь революцэм и ужькІэ хъыджэбзыр къашэу итІанэ нэчыхьыр ятхыу зэрыщІадэрэ ящэ нысэлъагъу хабзэм кІуэдыжащ, етІуанэр щыІэщ.

ДУМЭН Хьэсэн.

● Псалъэжьхэр

ЖьэрыІэзэ Іэпэ задэ

♦КІапэр къанэри, напэр ящащ.
♦Чэнджэщыфыр шы-уанэ зэтелъ и уасэщ.
♦Зыр лІэкІэ адрейм зиІэжьыркъым.
♦ЩІакІуэ нэхърэ уэшх нэхъ благъэщ.
♦ЖьэрыІэзэ Іэпэ задэ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** Пшапэ ... **3.** Дыгъэ къыщІэкІыгъуэм уафэм щыплъагъу плъыжьыгъэ. **7.** А удзым Іэ пІанэкІэ уеІусэмэ, укъисынщ. **8.** ... жьгъей. **10.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар лъакъуэнэщІ. **1 1**. Шы ... лъэ псыгъуэ. **15.** ІэщІэвэщІэ. **16.** Дин лэжьакІуэ, хеящІэ. **18.** Шым и кІуэкІэ. **20.** Зи купсэр пшхы хъу удз сыр. **21.** Уафэм къех мыл тыкъыр цІыкІу. **22.** Транспорт лІэужьыгъуэ. **23.** ПтупъкІэм апхуэдэу йоджэ шэрджэхсэр. **26.** КхъуафэжьейкІэ узытехьэну шынагъуэ псышхуэ. **30.** Гъуэгу бгъуэзэ цІыкІу. **31.** ... и анэ гъырыкъым. **34.** Гагариныр дуней щыяпэу здэлъэта щІыпІэ. **36.** Щхьэщ лъэпкъ зытемытыж цІыху. **37.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артисткэ Щэрмэт Людмилэ и къуажэ. **38.** ІутІыж Борис цІэрыІуэ зыщІа пьесэ. **39.** Пщыкъуэм и щхьэгъусэ. **40.** «Эмирым и ...» - КІыщокъуэ Алим и роман.

Къехьу: **1.** Къалмыкъ БетІал и зэманым ди республикэм хиубыдэу щыта къалэ. **2.** Абы и макъ щымыІумэ, адыгэ джэгур екІу хъурэ? **4.** Аргъынэ кІыхьыр и жагъуэщ, ... кІы гъуанэр и щІасэщ. **5.** КъэкІыгъэхэм зэран хуэхъуу, щыгулъым хэс цІыв лъэпкъ. **6.** Пкъэщхьэмыщхьэ. **9.** ГъэшхэкІ. **12.** Іэщхэм я тхьэ. **13.** ИлъэситІыщы зи ныбжь щыщІэхъу мыгъасэ. **14.** Мусульманэм диным епцІыжам е цІыку бзаджэм щхьэкІэ жаІэ псалъэ. **17.** Іуащхьэмахуэ щыгу япэ дыдэу къзэшГъэІурыщІа адыгэлІ ... Чылар. **19.** ... куцІрэ фо цІынэкІэ щІалэр япІащ. **21.** Лъахъшапіэ щІыпІэ. **24.** Бзу ... **25.** Хадзэкэл. **27.** Хъумакіуэ, къэрэгъул, ... **28.** Хывым нэгъэщІу зэреджэ. **29.** «Плъыжь» псалъэм и пІэкІэ ари къагъэсэбэп. **32.** Іэ тегъэщІапІэ зиІэ шэнт бгъуфІэ. **33.** Адыгэ драмтеатрым и джэгуакІуэ Іэзэу щыта, РСФСР-м щІыхь зиІэ и артисткэ ... Быхуэ. **35.** Зи сабий и чэзум къемыкІуэлІэж анэм и ... макъ къоу. **37.** Лажьи хъати симыІэу, ... сыхэхуащ.

Зэхэзылъхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мазаем и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **7.** Ержыб. **8.** Шыпсэ. **9.** Ливан. **10.** Аркъэн. **12.** Амдэч. **14.** ХущІэ. **16.** Ирмэ. **18.** Даур. **21.** Хъан. **24.** Сыр. **25.** Псым. **26.** Щимэ. **29.** Алыдж. **30.** Нэгумэ. **31.** Аркъэ. **34.** Тхъугъэ. **35.** Хуарэ. **36.** Хъущт. **38.** Нэд. **39.** Хущхъуэ. **40.** Къущхьэ. **41.** ФІэщ. **43.** Фейдэ. **45.** Дудакъ. **48.** Курыбэ. **49.** Ныбгъуэ. **50.** Гъымбу.

Къехьу: **1.** Техуа. **2.** Мыщэ. **3.** Бзииху. **4.** Къурашэ. **5.** ТІыгум. **6.** Тэрч. **11.** Кьиин. **13.** Дерс. **15.** Пхъэлъантхъуэ. **17.** Мысэ. **19.** Армэ. **20.** Іуры-гъэлъэда. **22.** ХъумпІэцІэдж. **23.** Пщыма-хуэ. **27.** Дыгъу. **28.** Гъурц. **32.** Ахъуэхъу. **33.** Ерыщ. **37.** Тхуей. **38.** Нэгъуд. **41.** ФІарий. **42.** Щыблэ. **43.** Фэнд. **44.** Дагъуэ. **46.** Уруху. **47.** Кьауц.

● Зы уэрэдым и хъыбар

«Си Рэмэзан»

Нобэ дэ дыкъытеувыІэнущ 30 гъэхэм Къэжэр Индрис итхауэ щыта «Си Рэмэзан» уэрэдым.

Прохладнэ куейм хьихьэ Альтуд къуажэм 1895 гъэм къыщалъхуа усакІуэ, макъамэтх, уэрэджьІакІуэ, пшынауэ, дэрбзэр Іэзэ Къэжэр Индрис мащІэ дыдэщ къыгъэщІар. Ауэ абы кІыгъэнащ лъэужь дахэ.

ЩІалъхуа къуажэм къыщыщэригъэпэща (1929 гъэ) уэрэджьІакІуэ гупым и гъусэу абы къыщыдзащ езым иуса уэрэдхэр игъэзэщІэн. 1931 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр радиом и хорым хьихьащ, иужькІэ уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамблым и зэфІэкІ щигъэлъэгъуащ.

Хэкум, абы зэрызиужьым, лъагъуныгъэм - арат зытеухуар Индрис и уэрэдхэр. Ахэр цІыхубэм япхъуатэрт, ягу дихьэрт. ЩІэх дыдэуи абы къыфІащащ КъБР-м гъуазджэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ цІэ лъапІэр. Хэку зауэшхуэр къэхъейуэ гъэр хъууэ фашист лъэхъэущым имыкІуэдамэ, хэт ищІэрэт Къэжэр Индрис и къалэмпэм къыщІэкІыну уэрэдхэм я бжыгъэр зыхуэдизыр?

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, нобэ Къэжэрым теухуауэ зыгъэ къыбжезыІэжьыфыну, ар фІыуэ зыцІыхуу щытауэ мащІэщ къэнар. Сэ зыхуэзгъэщІ уэрэдымрэ къафэмкІэ ансамблым япэ дыдэу хыхьахэм ящыщ Бланауэ Быцэ.

- СызэрыцІыкІуэр Іейуэ сыерыщт къэфэнкІэ. Япэм щыгъуэ къафэхэр, уэрэд жызыІэхэр къуажэ-къуажэкІэ къакІухьуэрэ къыхашырт, - жеІэ Быцэ. - Зы махуэ гуэрым Къэжэрым концерт Брамтэ щитыну жаІэу зэхьэох. Сэри апхуэдэ гуэрт къэслъыхьуэри, пшынэ макъыр зэрызэхэсхьу ар къыздиІукІым секІуэлІащ. СощІэж иджыпсту хуэдэу а махуэр. Индрис и пшынэм нэмыщІ, зытес щэнтри къызэрихьэкІырт. Мис абы башкІэ теуІуэурэ цІыхур къызэхуишэсырти, концертым щІидзэрт. А махуэм сыбгъэдыхьауэ щытащ Индрис, сэри сыкъоофэ фи ансамблым сыхэтыну сыхуейщ, жысІэри. Куэд дэмыкІыуи сыкъыщтащ - дэ дыкъафэрт, Индрис уэрэд жиІэрт. «КхъыІэ, «Си Рэмэзан» уэрэдыр къыджеІэ жаІэурэ цІыухэр куэдрэ кьелъэІурт, езыри емызэщу щэ-плІэ къытригъэзэжурэ игъэзащІэрт. А уэрэдыр зэриусам теухуауэ дапщэрэ деупщІами, абы и хъыбар зэи къыджиІакъым. Дауэ хъуами, уэрэдыр псэущ, ноби цІыхуэмэ ягу ирохь.

Уэрэдыр дунейм къызэрытехьэрэ уэрэджьІакІуэ куэдым ягъэзэщІащ: езы Индрис, иужькІэ Шэджьихьэщ Лолэ, итІанэ нэгъуэщІхэми.

Зы анэжь сиІэти, рэуэу-жи,
КІэмыргуей и бзэт, рэуэу-жи.
Си бзэр иубыдынурэ си шыпхъу нэхъыщІэр
ПщэфІапІэм кІуэри сиІуэтэжащ.

Зы адэжь сиІэти, рэуэу-жи,
Уасэм щІобэгри, рэуэу-жи,
Быным емыплъу, «КІэмыргуей къулейщ», - жиІэри
Уасэ куэд къыІрих мыгъуэри, сыныритай.

Зы дэлъху закъуэ сиІэти, рэуэу-жи,
КІэмыргуей гуэгъути, рэуэу-жи,
Гугъуи сыдемыхьурэ, зыкІи сыхуэмейуэ,
«Унэ бейщ», - жаІэ мыгъуэри, сныныратащ.

Си данэ шарфыр, рэуэу-жи,
Си пщэм изошэкІри, рэуэу-жи,
Си гум имылъ ІэфІхэр, «Рэмэзан» - жысІэурэ,
«Унэ бейщ», - жаІэ мыгъуэри, ирызагъэшэкІа.

Си туфлъэ цІыкІури, рэуэу-жи,
Лъапэм къыщопсалъэрэ, рэуэу-жи,
«Хьэсанэ дэкІуэ», - жеІэри, мамэ къызопсалъэ,
Сэ сызыдэкІуэну мыгъуэри, си Рэмэзанщ.

Си Іэлъын цІыкІури, рэуэу-жи,
Іэпэм Іэробагэ, рэуэу-жи,
Си напІэщхьитІыр Рэмэзан щхьэкІэ
Къытебзга мыгъуи, сэ си дуней.

КІУНТІЫЩ-ХЬЭПЦІЭ Аннэ.



Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр
ХьэфІыцІэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), ЖЬэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Гъурыжь Мадинэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Нэщэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэпэ-мыщІ Иэз.

Езыгъэтхахэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэнымгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемкІэ - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі Іэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщалъэта Іуэхутыгъэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытехэм нэху жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынырэ пщІ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі Іэм № Н-0065-м щІэту яхтащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33.

Мы къыдэкІыгъуэм елэкъахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкі Соня, редактору Щоджэн Іэминат, корректорэу Афэ Тамарэ *(3, 4-нэ нап.),* ПхытІыкІ Аэмэт *(1, 2-нэ нап.), КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэкъар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 4.072 ● Заказ №260